



REZİME EGZEKITİF

KISA MPO REJYON BOSTON NAN YE?

Desizyon konsènan fason pou alwe fon transpò nan yon rejyon metwopolitèn oryante pa enfòmasyon ak ide yo rekeyi nan men yon gwo gwoup moun, ki enkli ofisyèl eli yo, planifikatè minisipal ak enjenyè yo, defansè transpò ak rezidan ki enterese yo. Óganizasyon planifikasyon metwopolitèn yo (Metropolitan planning organizations, MPO yo) se òganizasyon ki responsab pou bay yon kad pou pran desizyon. Lejislasyon federal la egzije chak zòn metwopolitèn nan Etazini ki gen yon popilasyon 50,000 moun oswa plis—yo rekonèt tou kòm yon zòn ibanize—pou etabli yon MPO ki deside kijan pou depanse fon transpò federal pou pwojè kapital ak etid planifikasyon pou zòn nan.


Jiridiksyon ak Manm MPO Rejyon Boston

Zòn planifikasyon MPO Rejyon Boston nan etann nan 97 vil nan nò Boston rive Ipswich, sid Marshfield, ak lwès Interstate 495.

Imaj ES-1 la montre kat minisipalite manm MPO Rejyon Boston yo.

Imaj ES-1

Minisipalite nan Rejyon Boston yo



97

Vil ak komin sou-rejyon

— fwontyè yo

■ Reprezantan MPO nan sou-rejyon vil


■ oswa komin MPO ki gen gwo reprezantasyon

■ nan Boston yo gen de reprezantan MPO

Konsèy MPO a konpoze ak 22 manm ki ka vote. Plizyè ajans eta, òganizasyon rejyonal, ak Vil Boston se manm votan pèmanan, alòske 12 minisipalite yo eli kòm manm votan pou tèm twa lane. Uit manm minisipal reprezante chak uit sou-rejyon nan rejyon Boston nan, e genyen kat gwo syèj minisipal. Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration, FHWA) ak Administrasyon Transpò Federal la (Federal Transit Administration, FTA) patisipe nan konsèy MPO a kòm manm (ki pa vote). Ou ka jwenn plis detay sou manm pèmanan MPO a nan Appendix F.

Imaj ES-2 la montre manm MPO ak òganizasyon Staf Planifikasyon Transpò Santral la (CTPS), ki sèvi kòm staf MPO a.

Imaj ES-2
Tablo Òganizasyon MPO Rejyon Boston



July 2022



Pwosesis Planifikasyon Transpò

Gouvènman federal la règlemente finansman, planifikasyon ak operasyon sistèm transpò sifas la atravè pwogram transpò federal la, ki te adopte an lwa atravè Atik 23 ak 49 Kòd Etazini an. Seksyon 134 Atik 23 Lwa sou Èd Federal pou Otowout ak Seksyon 5303 Lwa sou Transpò Federal la, jan li te amande a, egzije zòn ibanize yo fè yon pwosesis planifikasyon transpò pou kalife pou fon federal yo, ki abouti sou plan ak pwogram enpòtan ki gen objektif planifikasyon zòn metropolitèn nan.

Re-otorizasyon ki pi resan lwa sou transpò nan sifas la se novo Lwa sou Enfrastrikti Bipati a (BIL: Bipartisan Infrastructure Law). BIL la fikse règleman ki lye ak planifikasyon transpò metropolitèn nan. Lwa a egzije tout MPO yo reyalize yon pwosesis planifikasyon kontini, konplè epi kolaboratif (continuing, comprehensive, and cooperative, 3C) Nan kad pwosesis planifikasyon 3C a, MPO Rejon Boston nan fè Pwogram Amelyorasyon Transpò (Transportation Improvement Program, TIP) ak Pwogram Travay Planifikasyon Inifye (Unified Planning Work Program, UPWP) chak ane. Dokiman sa yo, ansanm ak Plan Transpò Alontèm (Long-Range Transportation Plan, LRTP), se dokiman sètifikasiyon epi ki obligatwa pou MPO a sètifye yo kòm egzijans rankont federal; sètifikasiyon sa se yon prereki pou resevwa fon transpò federal yo. Anplis egzijans pou fè dokiman sètifikasiyon yo, MPO a dwe etabli epi fè yon pwosesis patisipasyon publik ki enklizif, epi kenbe modèl ak resous done pou sipòte desizyon sou konfòmite nan kalite lè, analiz ekite nan transpò, ak travay ak inisyativ planifikasyon alontèm ak akoutèm.

Anèks E a eksplike konteks règlemantè ak lejislatif kote MPO a opere nan plis detay.

Pwosesis Planifikasyon 3C a

Pwosesis Planifikasyon 3C a se yon apwòch pou fè planifikasyon transpò ki enpòtan. Gouvènman federal la egzije MPO a fè yon pwosesis ki kontini, konplè epi kolaboratif:

- Kontini: Planifikasyon transpò a ta dwe planifye pou orizon alontèm ak akoutèm, ki mete aksan sou pwogresyon k ap evolye soti nan sistèm planifikasyon pou rive nan planifikasyon, pwogramasyon ak enplemantasyon pwojè a. Li ta dwe rekonèt nesesite pou re-evalye done ak plan yo nan fason kontini.
- Konplè: Planifikasyon transpò a ta dwe antre tout stad ak nivo pwosesis la epi egzamine tout mwayen yo pou asire yon planifikasyon ak apwòch pwogramasyon ki ekilibre. Pwosesis planifikasyon an ta dwe genyen ladan I analiz eleman ki pa lye ak transpò tankou itilizasyon tè, ekonomik, resous anviwònmantal ak popilasyon.
- Kolaboratif: Planifikasyon transpò a ta dwe yon pwosesis ki fèt pou ankorage enplikasyon tout itilizatè sistèm nan ki enkli biznis, gwoup komunitè yo, òganizasyon anviwònmantal yo, ak publik k ap vwayaje, operatè machandiz ak publik la.

Chapit 1 an eksplike pwosesis 3C a nan plis detay.

KISA UPWP A YE?

UPWP a ke MPO Rejyon Boston nan fè, eksplike kijan fon planifikasyon transpò federal rejyon Boston nan ap depanse nan yon ane fiskal kèlkonk (FFY). Espesyalman, UPWP se yon plan finansye ki fèt nan konfòmite ak pwosesis planifikasyon transpò metwopolitèn ki dekri anwo a.

Devlopman UPWP a enplike pou prioyorize tout etid planifikasyon transpò potansyèl ak analiz teknik ki ta ka fèt pou benefisyè rejyon an nan yon ane kèlkonk. Nivo ak bidjè etid ki prioyorize yo dokimante nan UPWP a. Objektif la se pou asire ke rezulta etid yo ede reyalize objektif transpò ke MPO a te fikse pou rejyon an atravè pwosesis piblik li yo.

UPWP a sèvi kòm yon sous pou enfòmasyon sa yo:

- Enfòmasyon pou ofisyèl gouvènman, ofisyèl minisipal ak piblik ki konsène pwojè planifikasyon transpò sifas ak pwogram yo prevwa ki pou fèt nan rejyon Boston nan.
- Enfòmasyon bidjè pou ofisyèl federal ak eta yo sou fason MPO Rejyon Boston nan prevwa depanse fon planifikasyon metwopolitèn federal ak pwogram ki fèt nan non MPO a.

Kijan UPWP a lye ak objektif MPO Rejyon Boston nan?

MPO Rejyon Boston nan fè plan pou transpò rejyon Boston alavni. MPO a gide pa yon vizyon 20 lane pou yon sistèm transpò modèn, sekirize, ekitab, dirab epi avanse sou plan teknolojik pou rejyon an. Vizyon sa dekri nan L RTP aktyèl, Destinasyon 2040 MPO a. Travay planifikasyon transpò a ki finanse nan UPWP a se yon pati entegral nan reyalizasyon vizyon rejyonan sa.


Objektif transpò rejyon Boston nan, jan li defini nan Destinasyon 2040 lan, se konsa:

1. Sekirite: Tout mwayen transpò yo ap sekirize.
2. Sistèm Konsèvasyon: Kenbe epi modènize sistèm transpò a epi planifye pou rezistans li.
3. Lè Pwòp / Kominote Pwòp : Kreye yon sistèm transpò ki ekolojik.
4. Kapasite Jesyon / Mobilite : Itilize kapasite fasilité ki la déjà a nan fason ki pi efikas epi ogmante opsyon transpò yo.
5. Ekite transpò: Asire ke tout moun resevwa benefis envestisman MPO yo ki konparab, epi ki pa gen eka nan fason ki pa pwopòsyonèl, kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, laj, revni, kapasite oubyen sèks.
6. Vitalite ekonomik: Asire ke rezo transpò nou an bay yon fondasyon ki solid pou vitalite ekonomik.

MPO a nan pwosesis pou devlope pwochen RTP a kounye a. Anplis RTP ak UPWP a, MPO a fè TIP pou rejyon Boston nan. Menm jan ak plan envestisman kapital akoutèm MPO a, TIP a dekri epi prioyorize pwojè konstriksyon transpò ke yo prevwa pou mete anplas pandan peryòd senk an k ap vini an. Imaj ES-3 la reprezante relasyon ant vizyon ak objektif RTP yo; fondasyon planifikasyon pou travay MPO a, UPWP a; TIP; ak pwosesis pou kontwòl ak evalyasyon pou reyalizasyon objektif rejyon an.

Imaj ES-3

Lyen ant LRTP, TIP, ak UPWP



Kisa fon planifikasyon metropolitèn federal yo ye?

Finansman federal total ki pwograme nan UPWP sa se 5,708,978 dola. Se Depatman Transpò Massachusetts la (Massachusetts Department of Transportation, MassDOT) ki bay MPO Rejyon Boston nan tout fon federal ki pwograme nan UPWP a kòm fon Planifikasyon 3C FHWA (PL). Men, finansman federal sa yo soti nan de sous okòmansman: FHWA ak FTA. Finansman federal yo, ki konplete pa yon kontrepaci lokal MassDOT bay, genyen ladan yo sous inisyal sa yo:

- Planifikasyon 3C FHWA (PL): Finansman planifikasyon FHWA yo distribye nan Biwo Planifikasyon Transpò (Office of Transportation Planning, OTP) MassDOT la, dapre yon fòmil alokasyon lejislasyon federal la tabli, pou reyalize pwoesisis planifikasyon 3C a. OTP a distribye finansman sa yo nan MPO Massachusetts yo dapre yon fòmil ki baze prensipalman sou mileyaj wout ak popilasyon rejyon an. Fòmil lan te devlope pa Asosyasyon Ajans Planifikasyon Rejyonal Massachusetts la (Massachusetts Association of Regional Planning Agencies, MARPA) e yo rekònèt li kòm fòmil MARPA a. Alokasyon finansman PL 3C ane fiskal federal 2023 pou rejyon Boston nan, ki genyen ladan I fon kontrepaci eta a, se 7,098,240 dola. Alokasyon PL 3C rejyon Boston nan divize ant CTPS la ki resevwa 5,912,879 dola ak Konsèy Planifikasyon Zòn Metropolitèn lan (Metropolitan Area Planning Council, MAPC), ki resevwa 1,185,361 dola.
- Planifikasyon FTA 3C a (Seksyon 5303): FTA a bay finans pou fon planifikasyon 3C pou pwojè transpò pou MPO ak Depatman Transpò yo (Department of Transportation, DOT) dapre Seksyon 5303 sou Transpò federal la. Fon sa yo egziye kontrepaci lokal, epi yo distribye dapre yon fòmil alokasyon. Nan Massachusetts, fon sa yo se MassDOT ki jere yo, ki konvèti yo an fon planifikasyon PL anvan distribisyon. Alokasyon FTA ane fiskal federal 2023 pou rejyon Boston nan, ki genyen ladan I yon fon kontrepaci total, se 2,885,265 dola. Montan sa separe an de kategori:
 - Planifikasyon FTA 3C MPO ak MassDOT (Seksyon 5303): Montan total fon FTA yo, ki genyen ladan yo yon kontrepaci lokal, ki pwograme nan UPWP sa kòm PL pou travay estaf MPO a te reyalize se 2,037,574 dola.
 - Planifikasyon FTA 3C MAPC (Seksyon 5303): Yo bay MAPC yon pòsyon nan alokasyon FTA rejyon Boston nan. MAPC itilize fon sa yo pou fè etid planifikasyon transpò ki pwograme nan UPWP a. Montan total fon ki soti nan FTA yo, ki enkli yon kontrepaci lokal, yo te atribye bay MAPC kòm PL pou ane fiskal federal 2023 a se 432,790 dola.

Anplis, UPWP sa genyen ladan I 414,901 dola nan fon transfè 3C PL ane fiskal federal 2021 ki sipòte Developman Pwofesyonèl ak kèk depans dirèk ki lye ak developman modèl demann deplasman.

Èske gen lòt sous finansman nan UPWP a?

Wi, anplis travay MPO a finanse yo, CTPS la reyalize analiz planifikasyon ak etid ajans transpò eta a finanse, ki enkli MassDOT, Otorite Transpò Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Transportation Authority, MBTA), ak Otorite Pòtyè Massachusetts (Massachusetts Port Authority, Massport). Ou ka jwenn plis detay sou etid ajans sa yo finanse nan Chapit 5 lan. Pou ane fiskal federal 2023 a, montan finansman ajans ki pwogramme nan UPWP sa pou pwojè estaf MPO a reyalize se sa ki annapre yo:

- MassDOT: \$904,579
- MBTA: \$710,100
- Lòt sous: 80,000\$

KI ETID AK AKTIVITE KI NAN UPWP ANE FISKAL FEDERAL 2023 SA?

Nan chapit k ap vini yo, gen enfòmasyon ki detaye sou pwogram travay, etid, aktivite sipò ak analiz teknik ki òganize nan kategori sa yo:

- Egzijans sètifikasyon ak aktivite administrasyon: UPWP a genyen ladan I aktivite MPO a dwe fè pou rete sètifye kòm yon MPO pa gouvènman federal la, pou kalifye pou resevwa epi distribye lajan transpò federal la, epi kenbe resous done ak ekipman enfòmatik yo kòrèkteman. Gade chapit 3 ak 6 pou plis detay sou domèn travay sa yo.
- Pogram travay ankou / kontini: Domèn travay sa yo sipòte analiz teknik ak etid planifikasyon yo pou vil nan reyion an. Gade chapit 4 la pou plis detay sou etid ak analiz teknik sa yo.
- Nouvo etid: Chak ane, gen finansman ki disponib pou anplwaye MPO yo fè nouvo etid. Efò sa yo fèt pou amelyore konesans pratik anplwaye yo, pou amelyore metòd analistik epi evalye estrateji pou mizanplas yo. Gade chapit 4 la pou plis detay sou nouvo etid sa yo.
- Etid ak analiz teknik ajans yo finanse: CTPS la fè analiz planifikasyon ak etid ajans transpò eta yo finanse, ki enkli MassDOT, MBTA, ak Massport. Yo dekri etid sa yo ke ajans lan finanse yo nan Chapit 5 lan.

Tablo ES-1 la genyen bidjè ki alwe pou aktivite planifikasyon 3C MPO a nan ane fiskal federal 2023 an. Tablo a reflete fon PL metropolitèn FHWA ak fon Seksyon 5303 FTA yo, ke CTPS ak MAPC prevwa depanse nan ane fiskal federal 2023 a. Tablo a reflete tou travay CTPS la fè ak fon lòt ajans transpò yo bay yo tou.

Chapit 3 rive nan chapit 6 yo bay enfòmasyon ki detaye sou aktivite planifikasyon transpò CTPS la ap fè pandan ane fiskal federal 2023 an. Nouvo etid yo chwazi nan ane fiskal federal 2023 yo rezime anba a nan Tablo ES-2 a epi yo dekri yo nan plis detay nan Chapit 4 la.

Tablo ES-1
Bidjè Pwogram Travay Planifikasyon Inifye pou Ane Fiskal Federal 2023

| Etid ak Pwogram 3C pa Kategori Bidjè | Bidjè CTPS pwopoze pou ane fiskal federal 2023 |
|--|---|
| Jesyon Resous ak Aktivite Sipò | \$275,000 |
| Egzijans Sètifikasyon MPO | \$4,027,088 |
| Etid Planifikasyon ak Analiz Teknik Kontini MPO a Finanse | \$247,500 |
| Nouvo Etid Separe MPO a Finanse | \$668,000 |
| Finansman PL MassDOT Dirije* | \$352,579 |
| Sipò Dirèk | \$100,000 |
| Total pou Etid ak Pwogram 3C CTPS yo | \$5,670,167 |

| Travay CTPS Ajans lan Finanse | Bidjè CTPS pwopoze pou ane fiskal federal 2023 |
|--|---|
| MassDOT finansman | \$500,000 |
| MassDOT lòt finansman | \$42,000 |
| Fon MBTA | \$710,100 |
| Lòt | \$80,000 |
| Total pou pwojè travay CTPS ajans finanse | \$1,332,100 |

| | |
|---|--------------------|
| Total bidjè CTPS pou ane fiskal federal 2023 (3C + Travay ajans) | \$7,002,267 |
|---|--------------------|

Nòt: Chif bidjè sa genyen ladan l salè, frè jeneral ak depans pou soutyen dirèk.

*Pwojè ki nan kategori sa yo fèt nan non MassDOT men yo finanse atravè kontra 3C MPO a.

(TTablo ES-1 kontinye)

| Etid ak Pwogram 3C pa Kategori Bidjè MAPC | | Bidjè yo pwopoze pou MAPC ane fiskal federal 2023 |
|--|--|--|
| Etid planifikasyon ak analiz teknik MAPC | | \$679,361 |
| Aktivite administrasyon, jesyon resous ak sipò MAPC | | \$506,000 |
| Total fon UPWP pou ane fiskal federal 2023 MAPC | | \$1,185,361 |

| Travay MPO / 3C ajans lan sipòte | Bidjè ane fiskal federal 2023 pwopoze |
|---|--|
| CTPS | \$5,670,167 |
| MAPC | \$1,185,361 |
| Sou-total bidjè 3C | \$6,855,528 |

| | |
|---|--------------------|
| Travay CTPS Ajans lan Finanse | \$1,332,100 |
| Bidjè UPWP ane fiskal federal 2023 | \$8,187,628 |

Tablo ES-2
Nouvo etid separe ki finanse nan ane fiskal federal 2023

| Nimewo pwojè a | Etid oswa pwogram | Bidjè CTPS pwopoze pou ane fiskal federal 2023 |
|---|---|---|
| TBD | Pwogram Enfrastrikti Mobilite Multimodal | \$338,000 |
| TBD | Mete ajou Baz done Konte bisiklèt/Pyeton | \$80,000 |
| TBD | Sèvis otobis ki fleksib pou wout fiks | \$20,000 |
| TBD | Pwogram modènizasyon transpò piblik | \$37,500 |
| TBD | Etid laboratwa ak pakin minisipal | \$80,000 |
| TBD | Aprann nan Eksperyans Pri Pri Road | \$45,000 |
| TBD | Dirabilite ak Dekarbonizasyon nan sektè Fret ak Lojistik nan Zòn North Suffolk la | \$67,500 |
| Total pou novo etid separe epi peryodik yo | | \$668,000 |

KISA PWOSESIS POU KREYE UPWP AK KONTWOL PWOGRE SOU ETID YO YE?

Developman UPWP a

Pwosesis pou kreye UPWP a chak ane genyen ladan I kreyasyon ak evalyasyon ide pou nouveau etid, ak mizajou nivo yo epi antisipe rezulta pou aktivite analiz teknik kontini, egzijans sètifikasyon ak aktivite sipò administratif yo.

Ide pou nouveau etid yo soti nan yon konbinezon resous ki annapre yo:

- Yo rekeyi kontribusyon piblik yo nan rankont kominotè ak rankont ak uit gwoup planifikasyon minisipal sou-rejyon MAPC yo
- Kontribusyon Konsèy Konsilitatif Transpò Rejyonal yo rekeyi nan rankont kote anplweye MPO yo diskite ide etid ak priorite transpò òganizasyon manm Konsèy Konsilitatif yo
- Kontribusyon yo reyini nan Komite UPWP MPO a, ki sipèvize devlopman tout dokiman UPWP ak rankont pandan tout ane a
- Dokiman planifikasyon ki egziste tankou Pwosesis Jesyon Konjesyon MPO yo ak Evalyasyon Bezwen LRTP yo; Plan kapital alontèm MBTA; MetroCommon, plan alontèm MAPC pou kwasans entelijan nan rejyon Boston; ak lòt etid resan yo
- Gid FHWA ak FTA soti sou etid yo ki abòde domèn konsantrasyon planifikasyon transpò federal (pou plis enfòmasyon sou domèn konsantrasyon federal la, gade Anèks E ak Tablo E-1 an)
- Lèt kòmantè piblik ak pwopozisyon etid ke anplweye MPO yo resevwa pandan evènman sansibilizasyon ak pandan peryòd kòmantè piblik la pou UPWP ak lòt rapò CTPS la pwodui yo
- Konsiltasyon ak MassDOT, MBTA, ak MAPC ki fèt pandan devlopman dokiman an ak pandan tout ane a toutotan nouveau ide pou bezwen planifikasyon transpò yo ap souve
- Bezwen anplweye MPO yo idantifye ki soti nan entèraksyon kontini ant anplweye MPO, ajans eta ak lokal yo, òganizasyon ak gwoup kominotè yo.

Ide pou nouveau etid yo konpile nan Inivè Etid yo Pwopoze yo. Chak pwopozisyon baze sou fason li t ap ede rejyon an reyalize objektif LRTP yo. Nan chwa lis final etid yo, Komite UPWP a konsidere tou, itilite rezulta etid ki pwojte a pou moun ki konsène nan MPO yo; si gen resous anplweye sifizan ki disponib pou egzekite travay ki nesesè a; e si travay ki gen pou fèt la kowòdone olye li anplis pase travay ki fèt nan lòt ajans yo.

MPO a toujou ap chèche amelyore pwosesis li a atravè priz desizyon ki enklizif api kolaboratif. Pou rezon sa, MPO a ap chèche enplike yon seri pati ki konsène ki anpil epi divèsifye nan tout pwosesis devlopman UPWP a.

Anplwaye MPO yo ap kontinye chèche kontribisyon piblik pou ide pou Invè Nouvo Etid ki Pwopoze yo epi angaje patisipan yo nan diskisyon, evalyasyon epi finalman priyorize edid pou enklizyon nan UPWP a. Anplwaye yo ap kontinye kontwole epi amelyore kanal komunikasyon MPO a tou, tankou sa ki site anba a.

- Yon sitwèb angajan ki sèvi kòm yon resous pou moun k ap chèche enfliyanse planifikasyon transpò nan rejjon Boston nan
- Kont Facebook, Twitter, Instagram, ak LinkedIn an dirèk (@BostonRegionMPO) ki kouvrir nouvèl sou planifikasyon transpò epi plibliye evènman MPO yo, ak yon chèn YouTube ki prezante anrejistreman rankont ak evènman vityèl MPO yo
- Yon blòg ki plibliye rechèch ak done MPO yo nan yon fòma ki agreyab
- Sansibilizasyon ekstèn ki sible pou gwooup defans ak komunitè yo, espesyalman moun ki reprezante popilasyon ki te mwens enplike nan fason istorik nan pwosesis MPO yo.
- Evènman sansibilizasyon piblik an pèsòn ak vityèl yo, ke anplwaye MPO oswa patnè MPO yo akeyi, kote estaf la prezante, fasilitate aktivite, epi koute enfòmasyon ak tablo resous yo
- Evènman nan stil pòt ouvèt, kote moun k ap chèche komantè ak konsèy sou pwojè TIP, pwopozisyon UPWP, oswa aplikasyon pou asistans tektik yo ka entèraji ak anplwaye MPO yo nan fason endividyle

Kisa pwosesis revizyon piblik la ye?

Komantè ki soti nan sansibilizasyon piblik yo fòme yon pati enpòtan nan kontribisyon nan UPWP a chak ane. Nan fen pwosesis devlopman UPWP a, MPO a vote pou plibliye pou revizyon piblik yon dokiman bouyon ki dekri travay kontini, novo etid, ak enfòmason finansye. Apre sa MPO a envite piblik la fè komantè sou Bouyon UPWP a. Anplwaye MPO yo plibliye dokiman an pou telechaje sou sitwèb MPO a (www.bostonmpo.org) epi rann piblikasyon li yo piblik pa yon lis distribisyon imel ki genyen ladan I kontak minisipal, manm piblik la ki enterese ak lòt pati ki enterese nan rejjon an ak rezo sosyo yo. Mesaj imel yo enfòme kontak sa yo sou opòtinite k ap vini pou komantè ak enplikasyon piblik yo nan priz desizyon MPO a, epi pou anonse lòt evènman ki patwone oswa MPO a fè. Anplwaye MPO yo mande kontribisyon piblik la tou pandan jounen pòt ouvèt CTPS ak evènman piblik MPO a oswa patnè transpò yo fè yo (ki enkli MassDOT ak MBTA). Anplwaye MPO yo konpile tout komantè ki fèt pandan peryòd revizyon piblik la epi prezante yo bay konsèy MPO a.

Yo bay enfòmasyon sou pwosesis revizyon piblik la pou Bouyon UPWP ane fiskal federal 2023 an nan Aneks B.

Kijan yo kontwole pwogrè ak rezulta yo?

MPO a kontwole pwogrè etid ki finanse nan UPWP yo lè li fè travay sa yo:

- Apwouve pwogram ak nivo travay ki detaye
- Revize rapò pwogrè yo chak mwa
- Swiv bidjè etid UPWP yo epi mete depans reyèl yo ajou nan rapò pa trimès yo
- Apwouve publikasyon rezulta ki baze sou si objektif yo endike nan pwogram travay yo reyalize oswa non ak si rezulta ki endike yo te pwodui

APESI DOKIMAN SA

Dokiman UPWP a estriktire konsa:

- Chapit 1 an bay kontèks sou pwoesis planifikasyon transpò metropolitèn nan ak ajans manm MPO Rejyon Boston yo.
- Chapit 2 a bay kontèks ak enfòmasyon ki detaye sou objektif dokiman sa, pwoesis pou devlope epi kontwole li epi kontwole travay UPWP a, ak kijan li ede MPO a attèn objektif transpò reyonal li yo.
- Chapit 3 a genyen ladan I deskripsiyon aktivite pou egzijans sètivikasyon ki pou fèt nan ane fiskal federal 2023 an (ki enkli sipò pou MPO, komite li yo, ak pwoesis ak aktivite ki asosye yo), ak bidjè aktyèl ki atribye pou chak pwogram ak aktivite.
- Chapit 4 la dekri etid kontini epi separe CTPS yo ak travay analiz teknik:
 - Rezime tablo etid UPWP ane fiskal federal 2021–22 ki te reyalize oswa ki pwoje pou fèt nan fen septanm 2022 yo, anplis pwodui travay yo, ki genyen rapò ak memorandòm teknik yo
 - etid planifikasyon ak analiz teknik MPO k ap fèt soti nan ane fiskal federal 2022 rive nan ane fiskal federal 2023, si genyen
 - Deskripsiyon nouvo etid planifikasyon yo chwazi pou finanse nan ane fiskal federal 2023 a
 - Deskripsiyon ki ajou analiz teknik kontini ak travay sipò anplwaye MPO yo fè pou minisipalite yo ak rejyon an.
- Chapit 5 lan genyen ladan I deskripsiyon etid planifikasyon transpò ajans lan finanse ak analiz teknik CTPS la ap fè nan ane fiskal federal 2023 a. Sa yo enkli kontra renouvlab tankou Pwogram Atik VI MassDOT la ak Bazdone Transpò Nasyonal MBTA a: Koleksyon ak Analiz done, ak nouvo kontra yo.
- Chapit 6 la bay enfòmasyon ki detaye ak bidjè ane fiskal federal 2023 pou jesyon resous ak aktivite sipò anplwaye MPO yo fè yo.

- Chapit 7 la bay detay sou pwogram MAPC, UPWP a finanse atravè UPWP a, ki enkli asistans administratif, sipò, lyezon ak asistans teknik, ak aktivite etid yo.
- Chapit 8 la genyen ladan I tablo rezime bidjè ki prezante kijan fon planifikasyon metwopoliten federal la ap depanse nan aktivite sipò, etid ak pwogram ki dokimante nan UPWP sa. Chapit sa bay ofisyèl federal ak eta yo enfòmasyon ki nesesè pou apwouve itilizasyon fon yo ak pou jere kontra yo.
- Anèks A a prezante deskripsiyon pwojè ak etid planifikasyon-transpò ki te fèt (oswa k ap fèt) nan rejon Boston pandan ane fiskal federal 2023 a epi ki finanse pa lajan planifikasyon federal yo epi/oswa ki empòtan nan nivo rejjonal. Pwojè sa yo genyen yon pwosesis revizyon ak apwobasyon ki separe ki pa nan konpetans MPO a. Yo antre nan UPWP a pou bay yon imaj konplè sou plan ak etid yo preva k ap fèt nan rejon Boston yo epi pou asire ke efò planifikasyon MPO yo kowòdone ak lòt travay k ap fèt yo.
- Anèks B a dekri pwosesis patisipasyon publik ki itilize pou devlope epi revize Bouyon UPWP a. Anèks sa genyen ladan I tou komantè ekri sou Bouyon UPWP a ke yo te resevwa pandan peryòd revizyon publik la.
- Anèks C a genyen ladan I Inivè Nouvo Etid yo Pwopoze pou ane fiskal federal 2023 an epi dekri pwosesis evalyasyon Komite UPWP ak MPO a te itilize kòm yon gid pou nouvo etid yo chwazi yo.
- Anèks D a genyen yon analiz distribisyon jewografik ki aktyalize ak etid zòn presi ki programe nan UPWP a.
- Anèks E a bay enfòmasyon ki detaye sou kad règlemantè ki oryante devlopman UPWP a ak etid ak aktivite ki pwograme pou finansman, ansanm ak règlemantasyon ak enstriksyon jeneral ke MPO a konsidere nan tout travay li yo.
- Anèks F la dokimante manm MPO yo nan detay.